



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 29.8 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ETA A POU SÈVIS KI LYE AK ADOPSYON

Pwoklame Novanm Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon epi li mande pou yo limen moniman istork Eta yo blan 14 novanm pou ankouraje sansibilizasyon

OCFS òganize evènman ki prezante atis Broadway Ta’Nika Gibson pami plizyè aktivite k ap geyen nan kad sansibilizasyon sou adopsyon an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon lòt 7 milyon dola nan finansman eta a pou sipòte yon pakèt sèvis ki gen rapò ak adopsyon ki administre atravè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la – sa ki fè investisman Eta a ki gen rapò ak adopsyon pou dezan pase nan 29.8 milyon dola. Anons sa a te fèt pandan Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon an epi menm jou ak evènman anyèl OCFS sou adopsyon an, ki te prezante ane sa a atis Broadway ak televizyon Ta’Nika Gibson – ki te adopte nan laj 22 zan epi kounye a se yon gwo defansè pou adopsyon ak timoun nan swen adoptif yo.

"Finansman sa a fè pati angajman kontinyèl nou anvè timoun New York yo epi l ap ede nou bay plis jèn toujou fanmi ki renmen yo ak yon kote yo ka rele lakay yo yon fwa pou tout", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm yon manman mwen menm, mwen konnen ki jan yon kay ki estab, ki bay sipò, enpòtan pou devlopman pozitif yon timoun."

Eta New York te resevwa tou 3.074 milyon dola nan finansman federal pou sèvis ki sipòte fanmi adoptif yo. Yo itilize finansman eta ak federal pou yon pakèt inisyativ pèmanans OCFS, ki enkli rekritman paran adoptif yo; Sant Resous Pèmanans Rejyonal ki bay sèvis ak resous anvan ak apre adopsyon; ak patenarya ak plizyè ajans volontè ak fondasyon prive ki sipòte efò sa yo.

Gouvènè Hochul te pibliye tou yon pwoklamasyon ki deklare Novanm Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Adopsyon nan Eta New York epi li te mande pou yo limen moniman Eta yo an blan 14 novanm nan onè sansibilizasyon sou adopsyon an.

Evènman sansibilizasyon sou adopsyon jodi a te selebre moun k ap ede transfòme sèvis byennèt timoun yo nan bay timoun yo anviwonman tanporè ki an sekirite atravè swen adoptif, paran ak paran fiktif ak gadyen enfòmèl ki pèmèt timoun yo reyini ak

fanmi yo lè li an sekirite pou fè sa. Se te tou yon apè pou aksyon pou paran potansyèl yo ouvri kè yo lè yo ouvri kay yo bay jèn ki istorikman pi difisil pou plase, tankou jèn ki pi gran yo oswa moun ki fè fas ak defi inik yo.

Ta'Nika Gibson te itilize vwa li pou defann timoun ak jèn ki nan swen adoptif, patikilyèman jèn ki pi gran ki elijib pou adopsyon.

Yo te plase Gibson nan swen adoptif jiskaske manman adoptif li te mouri lè li te gen 17 an. Direktè lekòl segondè Gibson lan, Kathryn Gibson, te entèveni pou pran swen pou li. Finalman, Kathryn Gibson ak mari li, David, te adopte Gibson. Gibson bay lanmou, sipò ak ankourajman pa yo paske yo te pouse l pou l pouswiv karyè aktris ak mizik li.

Evènman an te selebre tou plizyè milye paran adoptif nan tout eta a ki te reponn apèl la epi ki te pran yon angajman pou tout lavi pou renmen ak anbrase timoun ki nan swen adoptif. Nan Eta New York, yo te adopte 9,000 timoun nan swen adoptif depi 2017. Yon videyo ki eksprime rekonesans pou fanmi adoptif yo ap parèt nan espas repo Thruway la ak nan biwo Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) Eta New York la pandan semèn 13 ak 20 novanm yo.

Nan Empire State Plaza, yo ap mete an plas tablo enfòmasyon sou pwogram pèmanans ak resous yo pandan plizyè jou mwa sa a epi gen yon ekspozisyon ki gen yon deskripsyon vizyèl sou eksperyans fanmi adoptif yo soti 14 rive 30 novanm.

Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo nan Eta New York, Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "Mwen tèlman fyè de sa n ap reyalize nan kad lidèchip Gouvènè Kathy Hochul pou sipòte sèvis vital ki nesèsè pou jwenn kay pèmanan pou tout timoun ki gen anpil valè New York yo. Mwen vle tou pwofite opòtinite sa a pou m eksprime rekonesans sensè mwen anvè Nouyòkè sa yo ki te ouvri kè yo ak kay yo pou timoun ak jèn ki nan swen adoptif lè yo te vin paran adoptif. Tout timoun merite yon kay kote yo ka renmen, sipòte ak apresye yo pou sa yo ye. Pandan mwa a rekonèt desizyon pou adopte yon timoun legalman, mwen panse ke li enpòtan egalman pou apresye fanmi ki bay timoun yo yon kay ki estab, akeyan jan yo chwazi oswa yo kapab, ki gen ladan swen adoptif, paran ak swen fanmi fiktif epi menm adopsyon enfòmèl oswa gadyen ki dire plizyè ane oswa menm tout lavi."

Bilding ak moniman istorik y ap limen pou Mwa Sansibilizasyon sou Adopsyon yo se:

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson

- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

###

Lòt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)